



Pou Piblikasyon Imedya: 28/02/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DEMANN POU PWOPZISYON POU TRANSFÒME  
SIT HELL'S KITCHEN KI PA UTILIZE ASE A TOUPRE MIZE INTREPID LA AN  
DEVLOPMAN POU UTILIZASYON MIKS DINAMIK**

***Pasèl Eta a ki mezire 4,699 mètr kare (50,584 pye kare) prezante yon opòtinite inik  
pou adrese bezwen lojman epi amelyore vitalite katye a***

***Yon pati nan vizyon odasye Gouvènè Hochul la pou abòde kriz lojman Eta  
Nouyòk la atravè aksyon egzekitif – ki enkli inisyativ pou reutilize sit eta a posede  
yo antanke lojman***

***Demann pou pwopozisyon yo disponib [isit la](#), dat limit soumisyon an se 15 me  
2025 a 2 p.m. ET***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon Demann pou Pwopozisyon (Request for Proposals, RFP) pou redevlopman 621 West 45th Street, yon pasèl eta nan katye Hell's Kitchen nan Manhattan. Sit la, ki itilize kounye a kòm yon pakin sifas, li kouvri apeprè 4,699 mètr kare (50,584 pye kare) sou bò lès Twelfth Avenue ant West 45th ak West 46th Street. Pwojè sa a prezante yon opòtinite pou transfòme youn nan pi gwo pasèl ki pa devlope nan ekstremite West Side Manhattan lan an yon sant devlopman rezidansyèl ak itilizasyon miks dinamik, ki adrese bezwen kritik pou lojman abòdab nan zòn nan. Moun k ap aplike yo ka gade dokiman Demann pou Pwopozisyon an [isit la](#) epi soumèt yon pwopozisyon bay Empire State Development jiska 15 me 2025 nan 2:00pm ET.

"West Side Manhattan lan gen yon istwa rich kòm yon kominote dinamik, enklizif, epi mwen angaje pou ranfòse eritaj sa a nan bati pou yon avni ki pi abòdab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou transfòme pwopriyete eta ki pa itilize ase sa a an yon devlopman dinamik pou itilizasyon miks ak yon eleman lojman abòdab enpòtan, n ap vize pou konble òf lojman ki ba nan yon zòn ki gen anpil demann epi n ap konstwi yon kominote ki pi solid pou rezidan Hell's Kitchen yo ak odela."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development, Hope Knight, te deklare,** "Sa a se yon opòtinite ekstrawòdinè pou transfòme yon byen eta an yon devlopman rezidansyèl dinamik ak itilizasyon miks ki satisfè bezwen Nouyòkè yo pandan y ap amelyore dinamisite ak divèsite katye Hell's Kitchen la. Lè nou reutilize sit

ki pa itilize ase sa a, nou ka bay lojman abòdab, kreye espas piblik enteresan, epi katalize kwasans ekonomik nan youn nan kominote ki pi dinamik nan Manhattan yo. Nou pa ka tann pou revize pwopozisyon inovan ki pral bay vizyon sa a lavi epi ki pral fè yon enpak pozitif dirab sou kominote a."

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk, te deklare,** "Bidjè 2025 Gouvènè Hochul la ap fè yon pwogresyon istorik nan kad efò nou pou fè Nouyòk vin pi abòdab epi li enkli yon pwopozisyon pou konstwi jiska 15,000 nouvo kay sou tè Eta a. Anons sa a se yon egzanp konkrè pwomès sa a ki an aksyon. Sit sa a ki pa itilize depi lontan epi ki nan detrès sou 12th Avenue nan ekstremitè West Side Manhattan lan ideyal pou devlopman enklizif pou itilizasyon miks, ak kay espesyalman abòdab, ki pral ankre, divèsifye ak estabilize zòn sa a nan Hell's Kitchen, sa k ap fè li menm plis yon destinasyon pase sa li deja ye — li pral lakay pou anpil moun."

Pasèl la ofri yon opòtinite inik pou adrese kriz lojman Nouyòk la atravè redevlopman inovan. Anvan li te itilize kòm yon pakin sifas ki sipòte Intrepid Sea, Air & Space Museum, sit la okipe yon kote enpòtan nan katye Hell's Kitchen nan Manhattan lan, adjasan ak litoral Rivyè Hudson lan. Avèk pwoksimite li ak Hudson River Park, sant transpò ak ekipman lokal dinamik, redevlopman pasèl ki pa itilize ase sa a pral sèvi kòm yon poto mitan pou kwasans enklizif, bay lojman abòdab ki nesèsè anpil, ankouraje devlopman ak itilizasyon miks, ak amelyore kalite lavi pou rezidan aktyèl yo ak pwochen rezidan yo.

Demann pou Pwopozisyon (RFP) dekri objektif devlopman kle ki fèt pou maksimize potansyèl sit la epi asire yon enpak transfòmatif sou kominote a. Sa yo gen ladan:

- Yon minimòm 25 pousan inite lojman abòdab sou plas, ki kontribye nan opòtinite pou viv ki enklizif ak aksesib nan katye a
- Yon melanj espas rezidansyèl ak komèsyal ki reflekte bezwen ak karaktè zòn nan, ki bay ekipman ak sèvis pou sipòte rezidan yo ak anime peyizaj lari a
- Enkòporasyon espas kominotè pou ankouraje yon sans apatenans ak entèraksyon sosyal ant rezidan yo ak vizitè yo
- Prezèvasyon dwa aksè pakin ak pon pou pyeton Mize Intrepid la, asire entegrasyon san pwoblèm ak resous kiltirèl ak lwazi ki egziste deja yo
- Fòm ak fasad bilding lan fèt pou kreye yon peyizaj lari ki dinamik epi ki varye, ki amelyore atrè vizyèl la epi ki aksesib pou pyeton nan katye a

**Reprezantan Jerry Nadler te deklare,** "Se pa yon sekre ke Nouyòkè yo ap fè fas ak yon kriz lojman, epi transfòmasyon yon pakin Eta a nan nivo sifas la ki sou 12th Avenue anfas Intrepid la an yon devlopman rezidansyèl ak komèsyal miks ak omwen 25% ladan yo ki abòdab se yon viktwa pou tout Vil la. Propriyete Hell's Kitchen sa a se youn nan pi gwo pasèl ki pa devlope sou bò lwès la epi transfòmasyon li pral kreye yon devlopman dinamik pou itilizasyon miks, pandan l ap asire Intrepid la kenbe pakin ki nesèsè yo ak jwenn aksè pou yo ak kominote a nan Hudson River Park ak aksè ak pon pou pyeton yo."

**Senatè Eta Brad Hoylman-Sigal te deklare,** "Mwen kontan wè plis lojman abòdab ap vini nan West Side Manhattan. Plan Gouvènè Hochul ak Empire State Development te anonse a pral transfòme plis pase 50,000 pye kare yon pakin eta an nouvo lojman abòdab ak nan to mache a, ansanm ak ekipman ak sèvis sipò pou katye a. Mwen pa ka tann pou mwen travay avèk Konsèy Kominotè 4 la, Empire State Development pandan tout pwosesis la pou ede bay pwojè sa a lavi."

**Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare,** "Sa mond lan bezwen kounye a, se pi plis lojman. Ant tarif sou asye entèdi Donald Trump yo ak revokasyon diminisyon bidejè devostatè HUD, gouvènman federal la ap rann li ekstrèmman difisil pou konstwi lojman pandan yon kriz abòdabilite nasyonal. Se poutèt sa mwen kontan akeyi plan pou yon nouvo bilding rezidansyèl nan distri Asanble mwen an – youn ki ofri alafwa lojman abòdab ki nesèsè anpil ak kwasans komèsyal nan ekstremitè West Side Manhattan lan. Sepandan, nou pa ka kanpe la – Mwen kontinye ankouraje Gouvènè a pou li idantifye ak katografye tè ki potansyèlman pa itilize ase oswa ki vid pou opòtinite lojman atravè eta a."

**Manm Konsèy Erik Bottcher te deklare,** "Li enteresan pou nou wè menm plis nouvo lojman abòdab y ap pwopoze nan kominote nou an. Inisyativ Gouvènè Hochul ak Empire State Development lan pral transfòme yon pakin sifas an lojman ki nesèsè anpil, ansanm ak sèvis esansyèl ak resous kominotè. Mwen anvi travay avèk Konsèy Kominotè 4 ak Empire State Development pou sipòte pwojè sa a epi ede li fini."

**Prezidan Manhattan Community Board 4, Jessica Chait, te deklare,** "Plan Lojman Abòdab Konsèy Kominotè 4 Manhattan lan te defann itilizasyon tè vil ak eta ki pa devlope epi ki pa itilize kòm youn nan fason ki pi efikas pou kreye lojman Nouyòkè yo bezwen anpil, epi nou kontan dèske Gouvènè a te mande Empire State Development pou avanse pwojè tankou sa a. Nou pa ka tann pou nou travay ak ESD ak patnè li yo pou devlope yon pwojè ki pwodui kay reyèl ak benefis kominotè pandan n ap respekte katye istorik Hell's Kitchen la."

### **Avanse Ajanda Lojman Konplè Gouvènè Hochul la**

Pwojè a bati sou vizyon odasye Gouvènè a pou elaji rezèv lojman eta a atravè mezi inovan tankou [Pwogram Kominote ki an Favè Lojman an](#) ak [Dekrè Egzekitif 30](#), ki ankouraje solisyon ki brize baryè pou akselere devlopman ki nesèsè anpil la. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 25 la, Gouvènè Hochul te jwenn akò enpòtan ki gen ladann nouvo ankourajman taks pou kominote nan Nò Eta yo, soulajman sible pou kreye lojman adisyonèl nan Vil Nouyòk, ak yon fon kapital 500 milyon dola pou devlope jiska 15,000 nouvo kay sou pwopriyete eta a. Yon lòt 600 milyon dola nan finansman nan tout eta a ak nouvo pwoteksyon pou lokatè ak pwopriyete kay yo souliye angajman Gouvènè a pou abòdabilite ak ekite.

Efò sa yo baze sou Plan Lojman 25 milya dola pou senk ane Gouvènè a pou ane fiskal 23 a ki vize pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab — ki gen ladan 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo — ak elektrifye yon lòt 50,000 inite. Jiska

prezan, yo deja kreye oswa konsève plis pase 55,000 kay nan kad inisyativ sa a. Bidjè Ane Fiskal 25 la te ranfòse tou Pwogram Kominote an Favè Lojman an, ki fè Sètifikasyon an Favè Lojman an vin yon kondisyon preyalab pou minisipalite yo jwenn aksè ak jiska 650 milyon dola nan finansman diskresyonè. Kounye a, yo deja sètifye 275 kominote, ki gen ladan Vil Nouyòk — ki reflete yon angajman k ap grandi nan tout eta a pou adrese bezwen lojman enpòtan Nouyòk yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)